

.....

CHAPIT 21

Kouman pou mete yon esterilè

Nan chapit sa a:

Ede yon fanm deside si esterilè ap bon pou li.....	390
Anvan w mete esterilè a.....	391
Mete esterilè a.....	392
Dekachte esterilè kwiv la.....	393
Aprè w fin mete esterilè a.....	398
Pou tcheke esterilè a.....	398
<i>Siy ki di ke gen yon bagay ki ka pa mache byen</i>	<i>398</i>
Retire esterilè a.....	399


Kouman pou mete yon esterilè

Esterilè se yon ti aparèy ki fèt an plastik, oswa an plastik ak kwiv, ke yo mete anndan matris yon fanm pou anpeche li ansent. Gen yon fil ki pandye nan pwent esterilè a, ki soti deyò kòl matris la.


Gen 2 kalite esterilè:



Esterilè kwiv



Esterilè multiload (multiload)



Se konsa w t'ap gade yon matris ak yon esterilè si w te ka wè anndan kò yon fanm.

Kèk nòt sou kouman pou aprann mete yon esterilè

- Anvan w li chapit sa a, ou dwe konprann **prevansyon enfeksyon** (chapit 5, paj 48) ak **egzamen basen** (chapit 20, paj 372).
- Chache konnen règleman ki genyen nan zòn kote w'ap viv la. Gen kote yo ankouraje fanmsaj aprann mete ak retire yon esterilè. Nan lòt kote, yo pa pèmèt fanmsaj yo fè sa.

Mete yon esterilè ka lakòz enfeksyon nan matris oswa li ka blese matris la. Sèvi ak chapit sa a pou w ka aprann, sepandan chonje, ou pa ka aprann twòp nan yon liv menm jan w ka aprann nan men yon pwofesè ki gen eksperyans. **Yon moun ki gen eksperyans dwe moutre w kouman pou w mete yon esterilè.**

Ede yon fanm deside si esterilè ap bon pou li

Esterilè se yon metòd planin ki efikas anpil, sepandan li gen dezavantaj. Anvan w mete yon esterilè, ede fanm nan deside pou l konnen si esterilè a se yon bon metòd pou li.

Avantaj Esterilè a

- Li efikas anpil. Kèk ra fanm ki met esterilè tonbe ansent.
- Fanm nan ka deside retire l nenpòt lè si l vle vin ansent.
- Li fasil pou sèvi. Apre fanm nan fin mete esterilè a nan matris li, fanm nan dwe sèlman tcheke yon fwa chak mwa pou asire l ke esterilè a la. Li pa bezwen tcheke l anvan oswa apre l fin fè sèks.
- On kalite esterilè (sa yo rele Mirena a) genyen on ti kantite òmòn ladan li. Esterilè sa kapab fe règ la lejè oswa rete nèt, ak rete vant fè mal.

Dezavantaj esterilè a

- Esterilè a pa pwoteje fanm nan kont VIH/SIDA oswa lòt maladi moun trape nan fè sèks – wè Chapit 18, paj 320.
- Yon fanm pa ka mete oswa retire yon esterilè pou tèt li. Yon fanm ki mete esterilè dwe rete tou pre yon sant desante kote li ka jwenn asistans si esterilè a ba l pwoblèm oswa pwoblèm, oswa si li bezwen retire esterilè a si l vle ansent.
- Esterilè a ka lakòz gwo vant fè mal lè fanm nan gen règ li, epi li ka lakòz san an koule anpil. Esterilè Mirena a ka lakoz san an lejè oswa iregilye.

Esterilè se yon danje pou kèk fanm

Pa mete esterilè pou yon fanm ki:

- genyen maladi moun trape nan fè sèks. Si yon fanm mete esterilè lè li genyen maladi moun trape nan fè sèks, enfeksyon sa a ka pwopaje nan matris li byen fasil. Enfeksyon nan matris se gwo danje epi li ka lakòz fanm nan paka fè pitit (esteril). Anvan w mete yon esterilè, fanm nan dwe fè egzamen pou wè si li gen maladi moun trape nan fè sèks.
- te fèk genyen yon enfeksyon nan matris li.
- te fè foskouch, avòtman, oswa ki gen 6 semèn depi l te akouche.
- gen anemi, oswa ki gen gwo vant fè mal, osinon san vide anpil lè li gen règ li.
- gen fibwòm oswa ki gen yon defòmasyon nan matris li.

Pa mete yon esterilè ki fèt ak metal kwiv anndan yon fanm ki fè alèji ak kwiv.

Libète pou chwazi oswa pou refize yon esterilè

Nan kèk kote, yo fòse fanm yo sèvi ak esterilè. Yo mete esterilè pou kèk fanm san yo pa menm di yo sa. Sa rive lè doktè ak travayè lasante ap pran presyon anba gouvènman peyi a, anba gouvènman entènasyonal yo, ak anba gwoup ki fè kado esterilè pou bay fanm menm si fanm yo pa vle.

Règleman sa yo retire dwa ke yon fanm genyen pou l chwazi ki lè oswa si li vle fè planin Tout fanm. dwe gen dwa pou yo fè chwa sa a pou tèt yo.

Pa janm bay yon fanm presyon pou l sèvi ak

esterilè. Li paj 310 pou w ka aprann plis sou esterilè. Chak fanm dwe konprann tout avantaj ak dezavantaj ki genyen pou yo ka deside si yo vle oswa si yo pa vle yon esterilè. Asire w ke fanm nan konnen anvan w mete youn pou li.

Kou pitit la fin fèt, n'ap mete yon esterilè nan matris w pou w ka pa ansent ankò.

Men mwen menm ak Maselo vle fè anpil pitit.



Anvan w mete esterilè a

Asire ke fanm nan pa gen maladi moun trape nan fè sèks

Men kèk siy maladi moun trape nan fè sèks:

- dlo ki soti nan vajen an gen movèz odè.
- vajen fanm nan ap boule l, l'ap fè l mal epi l'ap grate l.
- kanal fanm nan boule l lè l'ap pipi, l'ap fè l mal epi l'ap grate l.
- maleng nan vajen oswa nan twou dèyè.

Chonje, anpil fanm gen maladi moun trape nan fè sèks men yo pa gen siy ki moutre sa. Toujou fè tès pou yon fanm pou wè si li gen maladi moun trape nan fè sèks anvan w mete yon esterilè pou li. Si w pa ka fè tès pou li, men fanm nan kwè li vle esterilè a, ou ka ba l tretman pou klamidya ak gonore (wè paj 324) epi mete esterilè a. Li Chapit 18, kòmanse nan paj 320, pou w aprann plis sou maladi moun trape nan fè sèks. Pa mete esterilè pou yon fanm si w pa sèten ke li pa gen maladi moun trape nan fè sèks.

Asire w ke fanm nan pa ansent

Si w mete esterilè pou yon fanm pandan li ansent, esterilè a ka lakòz fanm nan fè foskouch. Asire w ke fanm nan pa ansent anvan w mete yon esterilè. W ka sèten li pa ansent si:

- li gen peryòd li.
- li pa t gen rapò seksyèl depi dènye fwa li te gen peryòd li.
- li ap sèvi ak metòd planin òmòn tankou pilil, piki, oswa enplant (kounye a li prefere sèvi ak yon esterilè).

Eksplike kisa ki rive lè esterilè a ap antre


Anvan w mete esterilè a, eksplike fanm nan kisa w pral fè. Di li pandan esterilè a ap antre li ka fè l mal, men li pa ta dwe fè l mal twòp. Di fanm nan w ap kanpe si l fè l mal twòp oswa si l vle ke w kanpe pou yon rezon kèlkonk. Reponn tout kesyon l genyen sou esterilè a oswa kesyon sou lè w ap fourè esterilè.



Mete esterilè a

Gen plizyè kalite esterilè, epi chak kalite esterilè ante nan fason pa yo. Anvan w mete yon esterilè, ou dwe chache konnen kouman pou w mete kalite w genyen an. Pifò esterilè vini ak enstriksyon pa yo. Men enstriksyon ke w dwe swiv pou kèlkeswa esterilè w ap mete a:

1. Mande fanm nan pou l fè pipi.
2. Esterilize tout zouti w ap bezwen pou mete esterilè a answit mete yo sou yon twal -oswa yon pape ki esterilize.



Nenpòt bagay ki pral anndan vajen an, tankou dwèt pandan yon egzamen vajinal, dwe byen pwòp. Nenpòt bagay ki ap antre nan matris la, pa egzantp yon esterilè oswa yon tib pou fourè esterilize a, dwe pwòp anpil. Yo dwe **esterilize**. Zouti ki fin esterilize pa dwe touche ak lòt pati nan kò fanm nan anvan yo antre nan matris li. Menm jèm nan kò fanm nan ki pat janm lakòz malè ka lakòz yon enfeksyon grav si yo antre nan matris li. Wè paj 59 pou w konnen kouman pou esterilize zouti yo.


W ap bezwen zouti sa yo tou:



Yon bon flash



yon bòl ki gen antiseptik tankou betadin oswa Hibiclens



IUD and IUD inserter inside sterile package

Gen anpil kalite esterilè. Twa kalite ki pi popilè yo se esteril kwiv (esterilè klasik), esterilè miltilod (multiload), epi bouk de Lip (Boucle de Lippes). Tout esterilè sa yo san danje epi yo efikas.



Esterilè kwiv



Esterilè miltilod




Esterilè Bouk de Lip

Nan liv sa a, nou sèlman bay enfòmasyon sou kouman pou sèvi ak yon kalite esterilè, esterilè kwiv. Nou pale de kalite sa a paske li efikas, li san danje, epi li popilè. Gen lòt kalite esterilè ki menm jan ak esterilè kwiv. Sepandan, asire w ke w li enfòmasyon ki vini ak esterilè w sèvi a.




3. Dekachte esterilè kwiv la epi mete l nan tib la

Dekachte esterilè kwiv la

Esterilè esterilè kwiv la vini nan yon pakèt ki esterilize. Mete pakèt la sou yon tab ki pwòp, ak kote ki gen papyè a sou anba. Nan fason sa a w ap ka wè esterilè a nan plastik ki kouvri l la.



Anndan pakèt la gen 3 pati:




Dekachte esterilè kwiv la (ap kontinye)


Enfòmasyon sa yo di w kouman pou antre esterilè a anndan tib la pandan esterilè a tou nan pakèt la. Si w mete esterilè a nan tib la pandan l toujou anndan pakèt la – epi w pa manyen esterilè a, l ap rete esterilize menm si w pa mete gan esterilize. Pa janm manyen esterilè a ni pwent tib la, ni bagèt ki pral nan matris fanm nan, eksepte si w mete gan esterilize.

Antre esterilè a nan tib la lè w prèske pare pou mete l. Si esterilè a rete nan tib la pou plis ke 5 minit, li pap mache – manch yo pap louvri anndan matris la.



Louvri pakèt la a mwaye, kòmanse bò kote ki pi lwen esterilè a, epi pouse bagèt la bò kote pakèt la pou w ka retire l.




Kenbe tib la byen fèm ak yon men. Ak lòt men an, kenbe esterilè a nan plastik la pandan ke w ap antre manch yo nan tib la. Mete gwo pous w sou yon manch epi mete dwèt lendèks w sou lòt la, answit peze yo desann ansanm. Peze esterilè tou pliye nan pati anlè nan tib la



Mete bagèt la nan lòt pwent tib la answit fè l kouri ale bò kote lòt fil yo. Kanpe lè bagèt la touche pwent anba esterilè a, epi kenbe l la byen fèm. Kounye a esterilè a pare pou w mete l.




4. Mete fanm nan kouche so do ak jenou l pliye epi janm li louvri.
5. Ankouraje fanm nan pou li lache kò l. Ou ka eseye respire byen fon ansanm ak fanm nan, pale dousman, oswa mete yon men sou zèpòl li pou w ba li asirans.




6. Swiv enstriksyon ki nan paj 53 sou kouman pou w lave men w ak savon epi ak dlo. Kite men w seche pou kont li nan lè, answit mete gan ki esterilize

7. Chache touche matris fanm nan (wè paj 384).


- Chache jwenn ki gwosè matris la ye epi chache jwenn nan ki pozisyon matris la ye.
- Asire w ke fanm nan pa ansent.
- Asire w ke fanm nan pa gen doulè nan matris, epi matris la pa ni laji ni li pap fè l mal.




8. Foure yon espekilòm ki esterilize byen dousman (wè paj 377).



9. Lave kòl matris la ak antiseptik. W ka sèvi ak yon tanpon ki long oswa ak yon pens won epi yon twal gaz esterilize ki mouye ak antiseptik.




10. Pran kòl matris la ak yon pens tenakilòm epi fèmen pens la byen dousman. Rale kòl matris la byen dousman pou ka ranje matris la dwat. Matris la dwe rete tou dwat pandan w ap antre esterilè a ak aparèy son iteris la. Si fanm nan santi doulè, kanpe. Pran yon ti tan epi mande fanm nan pou l di w lè l pare pou w kontinye.



Pou w ka mezire matris la, antre yon sonn esterilize nan pasaj kòl matris la pou rive nan matris.

Ou dwe kenbe sonn nan nan manch sèlman, epi foure l ak anpil prekosyon nan kòl matris la. Pa kite sonn la touche anyen, sèlman kòl matris la. Sonn la pap esterilize ankò si l touche yon


Kèk ra fwa, yon fanm ka gen tèt vire oswa santi l malad lè sonn la oswa esterilè a ap antre nan matris li. Li ka genyen sa yo rele yon reyaksyon vagal (wè paj 426).



lòt bagay – menm si se vaje fanm nan. Foure sonn nan dousman men byen fèm. Li difisil pou pouse sonn la nan kòl matris la, vire li pandan w ap pouse l. Pa pouse twò fò. Sa ka pouse sonn


nan tèlman fon ke w ka rive pèsè matris la. Li danjere anpil. Yon fwa sonn nan antre nankòl matris la, pouse sonn la byen dousman jiskaskè w santi l touche dèyè matris la. Sonn la make an sentimèt

(cm). Lè w retire sonn la, l'ap mouye rive nan yon mak. Mak sa a vle di ki gwochè matris la.



12. Lè w konn gwochè matris la, w ka make tib la pou li ka menm longè ak matris la.


Sonn nan mouye jis nan pwen sa a...




alò deplase bouton kontwòl nan menm. distans ki soti nan pwen tib la.

Gade esterilè pandan li anndan pakèt la. Tib la genyen yon ti bouton kontwòl anndan pakèt la. Deplase bouton ki sou tib la pou l menm gwochè ak matris la. Pou fè sa, pouse bouton an a pandan esterilè a rete tou esterilize anndan pakèt la.


13. Kounye a louvri pakèt la nèt, retire tib la nan pakèt la, epi antre esterilè a andedan matris a. Esterilè a dwe rete tou esterilize! Pa kite anyen touche l, menm bò vaje fanm nan.



Kenbe kòl matris la anplas ak pens tenakilòm nan, epi poue tib ki kenbe esterilè a byen dousman andedan pasaj kòl matris la. Pa janm fòse esterilè a antre nan matris la, menm si li difisil pou mete.




Pouse tib ki kenbe esterilè a nèt ale nan do matris la. Lè bouton kontwòl la kanpe (lè l rive nan kòl matris la), sa vle di ke w poue esterilè a rive nan do matris la. Si w santi gen anpechman, pa poue ale pi lwen.




Kenbe bagèt la anplas. Sa ap pèmèt esterilè a ret anplas san w pa kite bagèt la deplase, rale tib la byen dousman vin jwenn w.

Lè tib la sot deyò kòl matris la, w ka rale bagèt la vin sou w epi deyò kòl matris la.




Kenbe bagèt la an plas

Rale tib la vin jwenn w



Answit retire ni tib la ni bagèt la


14. Koupe fil yo; kite yon 2 sentimèt (cm) konsa pandye deyò kòl matris la. Retire pens tenakoulòm ak espekoulòm nan byen dousman.



2 cm

Kite apeprè 2 sentimèt (cm) nan fil la pandye deyò kòl matris la.

15. Mete tout zouti yo ak gan yo nan dlo klowòks oswa nan lòt kalite dezenfekte chimik (wè paj 57).
16. Jete tout fatra, ni twal gaz ak tib ki te sèvi pou antre esterilè a (sèvi ak konsèy ki nan paj 67).
17. Lave men w ak savon epi dlo.



Aprè w fin mete esterilè a

Eksplike fanm nan ke li ka kontinye gen san oswa kranp pandan youn (1) a 2 jou. Lè li gen règ li, li ka bay plis san pandan kèk mwa. Sa nòm. Di li kouman pou li tcheke esterilè a epi ki move siy pou li veye (wè paj 399).

Yon fanm ki mete esterilè dwe al fè tchèk ka doktè regilyèman. Li dwe tcheke esterilè a tou pou li asire ke li rete andedan matris li, epi li dwe siveye lòt siy ki ka di si gen yon bagay ki pa mache. Si esterilè a soti, gen plis chans pou sa rive lè li gen règ li. Donk li dwe toujou tcheke esterilè a apre peryòd manstriyèl li chak mwa.



Pou tcheke esterilè a

Li dwe lave men l, answit foute yon dwèt andedan vaje li pou rive sou kòl matris la. Lè li manyen kòl matris la, li dwe santi gen fil ki pandye nan pasaj la. Si li pa ka santi fil yo, sa vle di esterilè a moute al nan matris li, oswa yo soti deyò nèt epi li pa travay ankò.

Siy ki ka di gen yon bagay ki pa mache

Si li pa ka santi fil yo, li bezwen asistans medikal. Yon travayè lasante dwe sèvi ak yon pens pou antre andedan matris la pou li chache esterilè a osinon li dwe fè yon sonogram pou li ka wè andedan matris la. Piske esterilè a ka te tonbe, fanm nan dwe sèvi ak yon lòt metòd planin si li pa vle ansent.

Si fanm nan sispann gen règ li, li ka gen tan ansent. Fanm nan dwe wè yon travayè lasante. Li dwe wè yon travayè lasante tou si li gen siy enfeksyon.

Yon fanm ki gen nenpòt nan siy sa yo ka genyen yon enfeksyon nan matris

- règ li vini ak anpil san
- gen san detanzantan nan mwa a (ti mak san ka nòm al pandan premye mwa a)
- likid ki soti nan vajen li pa nòm al
- doulè nan basen oswa nan vant
- doulè pandan rapò seksyèl
- fyèv, frison, li pa santi li byen



Fanm nan dwe wè yon travayè lasante touswit, epi yo dwe retire esterilè a

Retire esterilè a

Esterilè kwiv ka rete anndan matris la pou 10 zan. Lòt kalite yo ka pa mache pou tout lè sa a. Kèlkeswa esterilè a, li ka soti nenpòt lè fanm nan vle. Apre esterilè a fin soti, yon fanm ka ansent touswit. Si l pa vle ansent, li dwe sèvi ak yon lòt metòd.

Pou retire yon esterilè:

1. Lave men w, mete gan esterilize; sèvi ak 2 men w pou egzaminen matris la epi pou asire w ke fanm nan pa ansent. (si li ansent, rale esterilè a ka lakòz yon foskouch). Mete yon espekilòm.
2. Mete yon tanpon long oswa yon pens won tranpe nan gaz antiseptik ki esterilize pou lave kòl matris la.
3. Agrade yon pè pens oswa yon zouti ki sanble ak pens pou kenbe zegwi nan fil yo.
4. Rale sou fil yo anplas men byenfò. Esterilè a dwe soti. Si w wè pwent plastik esterilè a, pran l ak pens la epi rale l. Si w santi anpil rezistans, kanpe! W ka kase fi l la. Kite yon moun ki gen plis eksperyans fin retire esterilè a.

Dalkon shield

Nan lane 1970, te genyen yon kalite esterilè ki te rele Dalkon Shield; kalite esterilè sa a pa t bon. Fanm ki te sèvi ak esterilè sa a te gen gwo pwoblèm lasante. Yo pa fè esterilè Dalkon Shield ankò, sepandan gen kèk fanm ki toujou genyen esterilè sa a nan matris yo – yo dwe retire l. Esterilè



Dalkon Shield se yon esterilè ki te danjere.

